

Enfòmasyon Enpòtan sou Sekirite ak Sante



Chak maten, revizyon Lis Kontwòl Sante Chak Jou oubyen vèsyon enprime li a (si-jwen), ki titre “Kisa M Ta Dwe Fè (What Should I do)? Lis Kontwòl Sante Chak Jou e Respons ak Sitiyasyon KOVID Diferan” pou asire ke li an sekirite pou pitit ou a ale lekòl.



Elèv yo ta dwe mete yon mask pou lekòl, esepite pou eksepsyon ki VRÈMAN limite yo (gade “Mask yo: Rekòmandasyon ak Konsèy”)



Nan arè bis la oubyen lè yo rive nan lekòl la, sonje pou yo rete 6' distans de tout lòt moun toutan.



Paran yo ak swànyan yo pa gen pèmi pou antre nan batiman lekòl la. Depoze timoun yo ak vin chache yo nan lekòl la ap fèt deyò batiman lekòl la.



CAMBRIDGE
PUBLIC SCHOOLS

135 BERKSHIRE STREET
CAMBRIDGE, MA 02141
617.349.6400

WWW.CPSD.US

Pratike egzèsis sa yo lakay ak jèn timoun yo:

- Kanpe 6 pye (180 cm) de distans
- Altènativ pou bay akolad ak touche zanmi yo tankou akolad nan vid ak voye men
- Pote mask pa yo pou yon peryòd tan ki pi long.
- Lave men souvan pou tiye jèm mikwòb ak pou kenbe moun yo an sekirite
- Fason pou estènen pandan yo pote yon mask (kenbe mask la nan figi yo)
- Fason pou chanje yon mask: kenbe mask la nan pyès zòrèy yo eksepte pou ajiste li sou nen an ak anba manton an. Lave men aprè yo fin touche yon mask ize ak avan yo mete yon nouvo.

Sentom KOVID-19 yo

Ou DWE kenbe pitit ou lakay san li pa ale lekòl la si yo prezante sentom KOVID-19 yo oubyen lòt viris.

Tès KOVID

Kontakte founisè swen sante ou epi aranje pou teste andeyò lekòl la si yo vin malad lakay yo. Founisè swen sante ou kapab dirije ou nan pi bon kote a pou teste, ou kapab jwenn egalman lokal pou teste yo nan Cambridge sou www.cambridgema.gov/kovid19/Tès.

Si yon timoun devlope sentòm yo lekòl la, ap gen tès disponib nan “Get Well Room (Jwenn Bon Sal)” yon espas sekirize epi ki izole kote timoun yo pral rete tann pou yo vin chache yo selon paran / swànyan. Tanpri siyen fich otorizasyon ki soti nan Depatman Sante Piblik Cambridge (Cambridge Public Health Department), mande si ou ta renmen konsanti pou pitit ou a teste pou KOVID si yo devlope sentom maladi a pandan yo lekòl la.